ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№24 (23.838) ● 2019 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр республикэм Іэщіэлъ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм йопсалъэ

Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Казбек щахуэзащ къэралым Іэщіэлъ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм.

ЗЭІУЩІЭМ къыщІэта Іуэхуэм ящыщщ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я иджырей щытыкІэмрэ абыхэм я къэкІуэнымрэ, цІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ республикэм щагъэзащІэ къалэныщІэхэр информацэ ІуэхуэхэмкІэ сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэбыдэныр, цІыхуэхэм зэрапыщІар гъэлъэщыныр, республикэм исхэр зыгъэпІейтей Іуэхуэхэр тэмэму зэпэкърыхьныр, печатым и продукцэр пхыгъэкІныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми телевещанэр тэмэму къыщыдзэгъэпэщынкІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Іуэхутхьабзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныжрэ хъумэныжрэ пыщІа Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Іуэхутхьабзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныжрэ хъумэныжрэ пыщІа Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэн мы Указым и гудзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэру ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Іуэхутхьабзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныжрэ хъумэныжрэ пыщІа Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым теухуауэ» 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №946-УГ-м и пункт 2-м и ещанэ абзацым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Іуэхутхьабзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныжрэ хъумэныжрэ пыщІа Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым теухуауэ» 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №128-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъэзт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мазаем и 18-м
№9-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкІа Указ №99-УГ-мкІэ къиштащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Іуэхутхьабзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэр къызэрэпэщыныжрэ хъумэныжрэ пыщІа Іуэхуэхэмкіэ щыІэ советым хэтхэр

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Мусуков А. ТІ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(Советым и тхьэмадэм и япэ къуэдзэщ)*

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструтурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьынытыгъэмкІэ и министрыр *(Советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Агибаловэ Е. Н. - «Дунеяплъэ» турист компание» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Іэпщэ З. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмкІэ, хьэрычэт Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Афэщ1ыж Ю. С. - Хъэрычэтыщ1эхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Іэхъуэбэч Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр *(Советым и секретарщ)*

Бежан Б. Ю. - «КЪБР-Медиа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщ1ым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр

Бекъалды М. Хь. - Урысей Федерацэм и сатум, жылагъуэ шхапІэхэм, потребительскэ кооперацэм я лэжьакІуэхэм, хьэрычэтыщ1эхэм я «Сату зэкъуэтыныгъэ» союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Гуэбэшы З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщагъэр

Гъукіэлі Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сату-промышленнэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Къанкъуэ Хь. Л. - «Академик Федоров С. Н. и цІэр зезыхьэ «Ленар» нэм щІэзэз клиникэ» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

КІуэкІуэ А. С. - «Іуэхутхьабзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжмкІэ Кавказ Ищхьэрэ щыналъэм щыІэ «Хабзэм и къарур» комитет щыналъэ зэхуакъ жылагъуэ зэгуфхэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Ксанаев М. Б. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кадрхэр къыхэхьным теухуа и «ЛъагапІэщІэ» проектым щытекІуар, «Оазис СК» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Курдановэ Ф. Хь. - «Вавилон-Фарм» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Можгин В. В. - «Автобытсервис» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Настаев А. М. - «АССО» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Павленкэ В. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ, хьэрычэт Іэнатіэм зыщІэгъэкъуэныжмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ политикэмкІэ и комиссэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Пагуэ Ж. А. - Іуэхутхьабзэхэр къызэрэпэщыныжрэ хъумэныжрэ цІыхум и зэІузэпэщ псэукІэмрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплъныжмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Лъэнкіэпіашэ З. Е. - «Лазана» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

ЛІуп Т. Хь. - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Іэшэ» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал лэжьыгъэ университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и сату-технологие факультетым и деканыр *(зэгурыІуауэ)*

Тхьэмокъуэ А. Ч. - Урысей Федерацэм и Банк Нэхъыщхьэм и Ипщэ управленэ нэхъыщхьэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Пхъэпкъ банкым и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэжу В. Щ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ я союз» лэжьапІэ зытхэм я щыналъэ зэгуфхэныгъэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Чочаев А. М. - «Кавказ Ищхьэрэм зеГъэужьныжмкІэ корпорацэ» акционер зэгуфхэныгъэм къыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Елмэс С. А. - «Налшык консерв завод» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

Якубов Ш. Ш. - «Налшык гъэш комбинат» жэуап зэхэгъэщъхьэхуКІа зыхь зэгуфхэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

КІуэкІуэ Казбек яхуэзащ КЪБР-м и цІыхубэ художник КІыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ, искусствовед Мосс Жаклин Дианэрэ

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щахуэзащ КЪБР-м и художник КІыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ, искусствовед Мосс Жаклин Дианэрэ.

КЪБР-м и цІыхубэ художникым республикэм и унафэщ1ыр щыгъуазэ ищІащ езым и творческэ мурадхэм, и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэщІэ зэриГъэхьэзырым.

ЗэІущІэм къыщІэтащ КЪБР-м ис лъэпкъхэм я цІыхубэ гъуазджэр Урысейм, нэгъуэщІ къэралхэм я гъэлъэгъуапІэ нэхъ инхэм утыку къыщилъхьэныр, зэрыщыту ди щэнхабзэм зегъэужьныр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

2019 гъэм республикэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ гъуэгуэхэм хуаутІыпщынущ сом мелуан 225-рэ.

Муниципальнэ гъэзгухэр зехьэным трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуан 225-рэ хухах

ДЫЗЭРЫТ илъэсым субсидиехэр яІэрыхьэнущ муниципальнэ щІыналъэу 5-м, къалэ округыгу 2-м, къалэ жылагъуэу 3-м. Къапщтэмэ, Бахъсэн къалэ округым сом мелуани 100, Прохладнэ къалэ округым сом мелуан 50, Майскэ къалэ округым сом мелуан 25-рэ, Нарткъалэм сом мелуан 25-рэ, Тэрч къалэм сом мелуан 35-рэ хуэдиз яІэрыхьэнущ. Зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадза нэхъыжь республикэм и къалащхьэри абыхэм хагъэхьэнущ. Налшык лъэпкъ проектым илъэпкъ субсидиеу къыІэрыхьэн хуейщ сом мелуан 432-рэ.

Хьыбарегъащ1э агентствэхэм къатахэм япкъ иткІэ.

Ерыскъыхэкіхэм кІэлъоплъ

КЪБР-м и Роспотребнадзорым ирегъэкІуэкІа иужьрей къэпщытэныгъэхэм къыкІуэрацІи, баззэрэмрэ тыкуэнхэмрэ сэкъат зиІэ лыхэкІ килограмм 70-м нэс къыщагъуэтащ икІи ар зыщэхэм сом мин 240-м щІигъуэкІэ етхьэкъуащ.

ЛЫХЭКІХЭР ящэрт къыздрашамрэ ерыскъыхэкІым и щытыкІэмрэ къыщыгъэлъэгъуэ дэфтэрэхр щІымыгъуу. Къищынэмыщ1ауэ, къэпщытакІуэхэм къыщІагъэщащ, нобэ зекІуэ къабзагъэ мардэхэм зыкІи зэрытемытым и зэранкІэ зэІыхьа шхыныгъуэхэр гъэпцІагъэкІэ цІыхум еэлыщэхэри. Химие пкъыгъуэ хэлъмэ, къабзагъэм теухуауэ ерыскъыгъуи 113-рэ къапщытати, абыхэм ящыщу процент 13-р мардэхэм жьыжьэуи темыту къыщІэкІащ.

ЦІыхур ерыскъы тэмэмкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа къэпщытэныгъэхэр дгъэкІэ зэпымыууэ ирагъэкІуэкІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къалэн куэд зыгъэзащІэ центру КЪБР-м щыІэхэр къэралым щынэхъыфІхэм хабжэ

Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм хэІущІыІу ищІащ 2018 гъэм и еплІанэ кварталым къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр зэфІэхьыныжмкІэ я рейтингыр. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІэм процент 90 хуэдиз хуагъэзащ икІи ар икъукІэ пщІэшхуэщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и субъектхэм щыІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІэр унэтІыныгъэ 11-м тещІыхьауэ къалъытащ. Абыхэм ящыщщ Іуэхутхьабзэхэр «зы щхьэгъубжэм» зэрыщызэфІагъэкІыр, къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэр щылажьэ щІыпІэхэм исхэм ящыщу къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр зыхуащІэхэм я бжыгъэр, къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр цІыхухэм яхуэщІэным хуэгъэзауэ Урысейм Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм зэхилъхьа чэнджэщхэр зэрагъэзащІэр. Абыхэм я лъэныкъуэкІэ «КЪБР-м къалэн куэд зыгъэзащІэ и центр» къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и зэфІэкІыр проценти 100-м ноблагъэ. Къыхуащ1а Іуэхутхьабзэхэмкіэ цІыхухэр зэрыарэзым и рейтингри къэралым ику иту щыІэ бжыгъэхэм нэхъри лъагэщ.

Квартал къэс яубзыку рейтингыр хуэунэтІащ къэрал ІуэхутхьабзэхэмкІэ «Си документхэр» центрхэр къызэгъэпэщныжрэ абыхэм зегъэужьныжмкІэ УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и Іуэхущ1акІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэздэр къэпщытэным.

Хьыбарегъащ1э агентствэхэм къатахэм япкъ иткІэ.

и бгылъэ мотострелковэ гарнизоным щыІэ Офицерхэм я унэ къыщыкІэзэІуахащ Армеец ныбжьыщІэхэм я унэрэ ЩІыналъэдж музейрэ.

ДЗЭ хуэІуэхущІэхэм, Хэкур фІыуэ лъагъуным щыхуагъасэ центрыр щыкІэІуахащ УФ-м зыхъумэжныжмкІэ и министр Шойгу Сергей и унафэкІэ.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид къыздрыкитащмкІэ, «Юнармия» зэщІэхъеенныгъэм хьхьа Инжыдж районым и школакІуэхэм а унэм инструктор-дзэкъулыкъущІэ Іэзэхэм я нэІэ тету зыщагъэсэнуц. Центрым къыщыщэрагъэпэща музейм щІэльщ иджырей Къэрэшей-Шэрджэсым и щыналъэм къыщагъэута пасэрей къушьхьэхэм я къыщыщІэдзауэ, ЮВО-м дзэ къулыкъур щезыхьэкІэм я Іэмэпсымэхэм щыщІэкІыжу. Псори зэхэту экспонат 500-м щІигъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентым

Зэхъуэкіыныгъэ зыбжанэ халъхьэ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егорова Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ зи чэзу зэІущІэр. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и полномоченнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхуэхэмкіэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгенийрэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым КЪБР-м и Парламентым къыбгъэдэкІыу хэт Ульбашев Мухьэрбийрэ.

ЗЭІУЩІЭМ депутатхэр арэзы щытехъуащ Май районым и суд Іуэхущ1апІэ №1-м и зэзыгъэкІуж хеящІэм и къулыкъым **Баун Светланэ** игъэувыну къызэрагъэлъэгъуам. КЪБР-м и Парламентым и депутат **Мэремыкъуэ Арсен** и къалэнхэр щхьэщ1ахащ, **Ерчэн Джамболэт** КЪБР-м и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ, РегламентымкІэ, депутат этикэмрэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщныжмкІэ и комитетхэм хагъэхьащ.

КЪБР-м и Парламентым къэзыбж и комиссэм и унафэщ1у хахащ **Тхьэгъэлэдж Тимур**.

ЗэІущІэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр зыхуримыкъыр ягъэмэщІэн папщІэ, республикэм федеральнэ ахъщэ къратыныжмкІэ зэгурыІуэныгъэм дыщІагъур къэщтэным теухуауэ», «ЦІыхуэхэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ пщІэкІэ къезышэкІэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым кІэлъыплъэным ехьэлІауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэ Іуэхуэхэр зэрыщызэрагъэзахуэр» КЪБР-м и Законым и Іыхьэ 22-2-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «ЦІыхуэхэм я узынщагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ Іыхьэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм я проектхэр.

КЪБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щІыпІэ унафэхэр зехьэныжмкІэ и комитетым и унафэщ1 **Мэлбахъуэ Борис** утыку кърихьащ «Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я хабзэгъэув, къэрал Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм теухуауэ» Федеральнэ законым и 2-нэ Іыхьэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектымрэ «Гъунэгъу щІыналъэхэм ядэлэжьэным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 12-нэ Іыхьэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законымрэ УФ-м и Къэрал Думэм жэрдэму къыщыхэлъхьэныр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэт гъуазджэмкІэ музейм фрегъэблагъэ

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министрствэмрэ Сурэт гъуазджэмкІэ Ткаченкэ А. Л. и цІэр зезыхьэ музеймрэ фрагъэблагъэ Рубец А. М. и лэжьыгъэхэм я выставкэм.

Мазаем и 28-м къызэІуаха а гъэлъэгъуэныгъэр гъатхэпэм и 10-м нэсыху щекІуэкІынущ Сурэт гъуазджэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр музейм. **Ди хэщІапІэр**: *Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 35.*

ФыщІэупщІэ хъунущ 42-37-18 телефонымкІэ.

● Бахъсэн

Депутатхэр къалэм и къэкІуэнум топсэлъыхь

Бахъсэн къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и сессием иджыблагъэ къыщапщытэжащ 2018 гъэм щІыналъэ администрацэмрэ депутатхэмрэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм къырикІуахэр.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ къалэ администрацэм и унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ, предприятэхэм, организацэхэм, Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгуфхэныгъэхэм, хабзэхъумэ органхэм, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр.

Бахъсэн къалэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ гъэзэщІакІуэ властым 2018 гъэм зэфІигъэкІахэм. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ гъуэгуэхэр зэрызэрахьэм, промышленностым, сатум, ухуэныгъэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, транспортым я щытыкІэм, хьэрычэт Іуэхумрэ спортымрэ зэрызаужьым. 2019 гъэм хьэуб къалэнхэм я гуГъу щищІым къалэ администрацэм и Іэтащхьэм къыхигъэщъхьэхуКІащ къапэщыт лэжьыгъэшхуэхэр дэкІын папщІэ Іэнатіэ псори зэщІэгъэуІуауэ эдэлэжьэн зэрыхуейр.

Къалэм къыпэщыт Іуэхуэхэр тэмэму гъэзэщІэныжмкІэ лэжьыпхъэу къалъытэхэр сессием щыжаІащ Бахъсэн къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и депутат Хьэшкіун Людмилэ, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ Зэщ1ыуэзда Къарухэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я къалэ советым и тхьэмадэ Абазэ Хьусен, Бахъсэн къалэм и прокурор Кьанькъуэ Валерий сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм щаубзыхуащ дызэрыт илъэсым къалэм къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

☉ Ди къуэш республикэхэм

Проценти 4,5-кІэ хагъахъуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ Къумпыл Мурат зэрыжиІамкІэ, Адыгейм нэгъуэщІ щыпІэхэм ирегъашэ мэкъумэшхэм проценти 4,5-рэ хагъэхъуэнущ.***

ІЭТАЩХЬЭМ къызэрыхигъэщащи, Іуэхум зрагъэужьыныжмкІэ щхьэпэнущ «Экспорт продукции АПК в Республике Адыгея» щыналъэ проектыр. Гулъытэ нэхъ хуащІынущ къэкІыгъэ дагъэм, къэуейм, прунжым.

Къумпыл Мурат зэІущІэм зэрыщыжиІащи, 2018 гъэм и мазибгъуэм нэгъуэщІ къэралхэм ирагъэшащ доллар мелуан 28-м нэблагъэ и уасэ, ипэ ита илъэсым ельытауэ процент 31-кІэ нэхъыбэ. Дагъэ тонн мин 20 хуаутІыпщащ Китайм, Вьетнамым, нэгъуэщІ гъунэгъу къэралхэм, Германием - къэуей тонн 27-рэ, сабий ерыскъыхэкІ, пхъащхьэмащхьэпсу тонни 145-рэ яІэрыхьащ Армениемрэ Белоруссиемрэ.

Армеец ныбжьыщІэхэм я унэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Инжыджь районым щыІэ Ипщэ дзэ округым (ЮВО) и бгылъэ мотострелковэ гарнизоным щыІэ Офицерхэм я унэ къыщыкІэзэІуахащ Армеец ныбжьыщІэхэм я унэрэ ЩІыналъэдж музейрэ.***

ДЗЭ хуэІуэхущІэхэм, Хэкур фІыуэ лъагъуным щыхуагъасэ центрыр щыкІэІуахащ УФ-м зыхъумэжныжмкІэ и министр Шойгу Сергей и унафэкІэ.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид къыздрыкитащмкІэ, «Юнармия» зэщІэхъеенныгъэм хьхьа Инжыджь районым и школакІуэхэм а унэм инструктор-дзэкъулыкъущІэ Іэзэхэм я нэІэ тету зыщагъэсэнуц. Центрым къыщыщэрагъэпэща музейм щІэльщ иджырей Къэрэшей-Шэрджэсым и щыналъэм къыщагъэута пасэрей къушьхьэхэм я къыщыщІэдзауэ, ЮВО-м дзэ къулыкъур щезыхьэкІэм я Іэмэпсымэхэм щыщІэкІыжу. Псори зэхэту экспонат 500-м щІигъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и лэжьыгъэм хэлъ Iуэху нэхъ гугъуехэм хэплъэнымкIэ ведомствэхэм зэщIыгъуу къызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и щытыкIэмрэ ар зэпIэзэрыпу лэжьэн папщIэ зэфIагъэкIыпхъэхэм щытепсэлъыхьащ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщIым и къудзэз КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьынигъэмкIэ и министр Бэлэтокъуэ Владимир. ЗэлуцIэм хэтащ Iуэхум пыщIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм нэхъ апэкIэ къиргъэуваеу щыта пщэрылъхэм япкъ иткIэ, жиIащ Бэлэтокъуэ Владимир, республикэм и Правительствэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм зыхуэфащэ Iуэхухэр зэфIагъэкIащ къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэратыр егъэфIакIуэным хуэунэтIагъэ. Къапщтэмэ, республикэ бюджетымрэ муниципальнэ бюджетхэмрэ я ахъшэкIэ лажьэ IуэхущIапIэхэм яхэтхьыж энергием и уасэмкIэ блэкIа илъэсым щыхуэ къызытехуа.

Энергиер къэзыгъэсэбэпхэр къитхыкIыжьым, энергиер хабзэм къемызэгъэщу къэзыгъэсэбэпхэр кьыщIэтэщыным хуэгъэза лэжьыгъэр адэкIи ioкIуэкI. Муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм хуагъэуващ блэкIа илъэсхэм зэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжьым, энергиер къызэрагъэсэбэпым. Iэпхъпытыным, мы Iуэхум ехьэлIауэ щыIэ хабзэхэр цIыхуэхэм ягурыгъэIуэным егупуну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● ЗэпыщIэныгъэхэр

ЛъэныкъуитIми я фейдэ хэлъу

Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ Къумпылъ Мурат КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъунджкъуэ Яшаррэ КАФИАД-м (Тыркум и хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэ) и унафэщI Таймаз Юсуфрэ и гъусэу тепсэлъыхьахэщ Тыркум щыпсэу адыгэ диаспорэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр зэрагъэбыдэнум, щэнхабзэ проектхэр зэрагъэзащIэнум, я зэхущытыкIэхэр зэрырагъэфIакIуэнум. Мыгувэу АР-м и лIыкIуэ гуп Тыркум кIуэнущ, абы къыхэкIыуи зэIущIэм хэтынухэм я зекIуэм я пщэ къыдэхуэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэрягъэбеладжылащ.

«ЭКОНОМИКЭМ, хьэрычэтыщIэ проектхэм, егъэджэныгъэ, медицинэ программэхэм, апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ зиIэу адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ хьумэным икIи джыным теухуа сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэмакъэр зэредгъэкIуэкIыным дыхуэхъзырыщ», - жиIащ Къумпылъ Мурат.

КАФФЕД-мрэ КАФИАД-мрэ я лIыкIуэхэм ныхъагъащащ Тыркум и Парламентыр Урысей Федерацэм дэлэжьэным и телъхьэу зэрыщыгъуа. ЗэлуцIэм зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьыну къыхалъхьащ хьэрычэтыщIэ Iуэхухэм, Адыгэ Хасэхэр зэгурыIуэу зэрызэдэлэжьэнум, егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ я зэпыщIэныгъэхэм

АР-м и Iэтащхьэм ягу кьыгъэIыжащ инвестицэ хэлъхьэныгъэхэмкIэ я щIыналъэм Iуэху куэд кьыздэсыщIэзыпхыныр икIи хьэрычэтыщIэхэм яхуигъэзащI я проектхэр республикэм щагъэзащIэнымкIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпыну.

КАФФЕД-р жыджэру долажьэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм. ДАХ-м дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэм я зэпыщIэныгъэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызригъэужьынум, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным и кIаурр хуеуинэтI. Хэхэс адыгэхэми Урысейм щыпсэуэхми къагуроIуэ лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэль IуэхухэмкIэ я зэпыщIэныгъэхэр зэребгъэфIакIуэфынур. Абы и лъэныкъуэкIэ ахэр псом нэхъыфIу зэкъуэзыгъэувэфынур зэгъусэу зэдащIэ экономикэ Iуэхуэхэрщ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Лъэпкъ Iуэху

Анэдэлъхубзэм и махуэм

ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ Ныбжьыщ Iэхэм я республикэ библиотекэм хабзэ дахэ хуауэ кьыщIэзрагъэпэщ махуэшхуэхэм теуху зэхьыхэ Iуэпалъэр. Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу абы иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ «Наши истоки. Читаем фольклор» I дунейпсо зэIущIэ щхьэпэр. Ар и жэрдэмщ тхьилъэм дахьэх сабийхэм ядэIэпыкъунымкIэ Ульяновск щыIэ фондым, Президент грантэмкIэ фондыр и щIэгъэкъуэну.

ЗЭХЫХЬЭР кьыхэзыльхьахэм я мурадыр зыхуэунэтIар Урысейм дин зэмылIэужьыгъуэхэр зэрахьэу щыпсэу льэпкъхэм я щIэблэм яку дэлъ пщIэм, гуапагъэм, зэныбжьэгъугъэм зрагъэужьынырщ, Iуэрыльатэр ирагъэджу, ахэр хэIущIыу ящIу. Iуэхум хьыкъу ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ Ныбжьыщ Iэхэм я сабий библиотекэм щрагъэкIуэкIащ усэ, прозэ кьеджэныкIэ «Язык родной, поведай нам слова...» зэпеуэр.

Зэхьэзэхуэм хьыхьу тхыльеджэ ныбжьыщIэхэр хагъэгъуэзащ Урысейм ис льэпкъхэм я литературэ щIэинхэм. Нэхъыщхьэращи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я Iэдакъэ кьыщIэкIахэм я щIэупщIэм нэхъри хагъэхъуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьагъэнэIуащ зэпеуэм хэтахэм ящыщу зэфIэкI зиIэ сабийхэр.

Библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыжь, зэпеуэр езыгъэкIуэкIа Екъутэнэдж Ларисэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ зэхьихьэм ирихьэлIэу ягъэхьэзыра тхьилъ дапхъэм. Абы хагъэхьат Урысейм рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым рэ я иджырей тхакIуэхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIахэр, льэпкъхэм я Iуэрыльатэр, таурыхъэр, хьэбархэр, Iуэтэжьэр. Къыщыныжьыщауэ, кърихьэлIахэм ар яхутепсэлъыхьащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр кьыззэрыунэхуамрэ и мыхьэнэмрэ. Екъутэнэджьмэ ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ я анэдэлъхубзэр хуэсакъуу яхъумэну, гъунэгъу лъэпкъхэм, хамэ къэралхэм я бзэхэм пщIэ хуащIыну.

Зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык кьалэм и курыт еджапIэхэм я 4-7 классхэм щIэс еджакIуэ 49-рэ, «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и гъэсэнхэр. Абы ирагъэблагъащ КъБКъУ-м и социальнэ-гуманитар институтым урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щадж и къудамэхэм я 1-3-нэ курсхэм я студентэхэр. Аэзри кьеджащ нэхъыфIу ильагъу усакIуэхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIахэм. «Шэху уэздыгъэхэр» студием и Iэсэнэху Хьэткъуэ Азнэурэ Нальгиев Хьэсэнрэ утыку кьрахьащ усакIуэ ныбжьыщIэ Къарэхан Кристинэ и усэхэр. Языныкъуэхэр кьеджащ езым ятхьижа усэхэм.

Екъутэнэджь Ларисэ сабийхэр хигъэгъуэзащ псалъэжьхэмрэ нэщанэхэмрэ. НыбжьыщIэхэр зэпеуащ псалъэжьхэм я мыхьэнэр кьаззэрыгурыIуэмкIэ. Абыхэм ягу кьагъэкIыжащ адыгэбзэкIэ ныбжьыщ псалъэжьхэм урысыбзэкIэ пэгъунэгъуэхэр.

Гуртуев Сэлихь ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр кьыззэрыунэхуам икIи сабийхэм яжриащ я анэдэлъхубзэр, льэпкъ тхьидэр, хабзэхэр зрагъэщIэну, льэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэкIахэм я зэхуаку мамырыгъэр зэгурыIуэрэ дэлъу псэуну, я анэдэлъхубзэм иригушхуэну.

КъэпщытакIуэ гупым хэтащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я щIыхубэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ Гуртуев Сэлихь, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Хьэщхъуэжь Зэгъирэт, радиом и лэжьакIуэ Дзэгъащтэ Азэмэт сымэ. Зэхьэзэхуэм хэтахэр зэрыт ныбжьым елъытауэ усэ, прозэ кьеджэным кьыжэныкIахэм я цIэ кьыщIраIуащ икIи ахэр ягъэпэжэнущ Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я урысейпсо тхьилъым и тхьэмахуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Гъатхэпэм и 3-р ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ

УсакIуэхэр, очеркистхэр, романистхэр

ТхакIуэм и дунейпсо махуэр 1986 гъэм ПЕН-клубым и 48-нэ конгрессым щаубзыхуащ. Езы ПЕН-клубыр 1921 гъэм Лондон къыщыунэхуат. Инджылызыбзэ хьэрфхэм я абривиатурэр зэбдзэкIмэ, усакIуэхэр - очеркистхэр - романистхэр - къикIыу аращ. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ PEN псалъэм иджылызыбзэкIэ - кьалэм мыхьэнэ иIэщ.

А Iуэхущ IапIэр кьызэгъэпэщыныр зи жэрдэмыр инджылыз тхакIуэ Доусон-Скотт Кэтрин Эмиц. Клубым и япэ унафэщIу щытар Голсуорси Джонщ. 1923 гъэм абы и япэ дунейпсо конгресс зэхэтауэ щыташ, а пIалъэм ирихьэлIэу ПЕН-клубым и къудамэхэр къэрал 11-м щылажьэрт. НобэкIэ апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэр къэрал 30-м щыIэщ.

ТхакIуэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу дэ фхуэзхуэтхьэсащ абыхэм ятеухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр.

★Шекспир Уильям мэлыжьыхьым и 23-м кьалъхуащ, лIэщIыгъуэ ныкъуэкIэ псэуауэ а махуэ дыдэм дунейм ехыжауэ жалэ абы и творчествэм куууэ хэзыщIыкIхэм.

★Дикккенс Чарльз сабиигъуэ иIакъым. Абы и адэм щIыхуэшхуэ зыкIытехуэри ягъэтIысати, зи Iэпкъльэпкъыр зэмыщIа сабийм унагъуэр игъэшхэн папщIэ лажьэн хуей хъуащ. Ар яфIэгугъныхь хъури завод гурым ягъэувауэ махуэм жэщ хъухукIэ банкIхэм этикеткхэр кIэригъауэрт. ЖьызыIэни щыIэщ, сыттIэ абы хэлъыр? Зи джэгугъуэ сабийм дежкIэ ар кьыззрымыкIуэу Iуэху хьэлъэщ. Фи фIэщ мыхъумэ, зы махуэ апхуэдэ кьалэн вгъэзащIи феплъыт. ЗэрыхуэгъафащэмкIэ, а щхьэусыгъуэращ Диккенс и IэдакъэщIэкIэхэм сабийхэр насыпыншэу кьыщIыщигъэльагъуар.

★Куэд дыщыгъуаззщ По Эдгар Аллан и творчествэм. А тхакIуэ щэджащэр кьыззрымыкIуэу кIыфIым щыщынэрт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкIэ, ар кхъэм зэрыщеджам кьыхиха узщ. Школыр тхьэмыщкIэ дыдэти, математикэмкIэ егъэджакIуэм ахэр кхъэм ишэрт, щхьэж сын зырыз бгъэдиплъуэзэрти, сыныр зейр зэрыпсэуэ ильэс бжыгъэр кьаригъэбжырт.

Иджы дэркIэ наIуэщ а тхакIуэм и IэдакъэщIэкIэхэм лъабжьэ яхуэхъуар кьызэдрихар.

★Сабий тхакIуэ Христиан Андерсен Ханс корректор гуп хуэлажьэрт. Ханс пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэхэмрэ зыри хищIыкIыртэкъым. И лэжьыгъэр нэгъэсауэ дунейм кьытригъэхьэн папщIэ гуп цIыкIу кьищтауэ и тхыгъэхэр хуэзрагъэзэхуэжьырт.

★Кристи Агатэ Великобританием фIы дыдэу кьыщалъагъу, уеблэмэ я пащтыхь гуащэм зыкIи памыдзэхьыну щIэ ин хуащI. Абы и тхылъхэр икъукIэ тиражжьхуэу кьыдагъэкIырт, Шекспир фэкIа абыкIэ Агатэ кьытекIуэ щыIэкъым.

★Гюго Виктор апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, и щIэджыкIакIуэхэм письмо кьыщыуатхкIэ щыпсэу щыпIэм и пIэкIэ «авеню В. Гюго» жиIэу тратхэрти зэфIагъэкIырт, икIи ахэр зы къэмынэу тхакIуэм кьыIэрыхьэрт.

★Ди къэралым и тхакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ Пушкин Александр теплъэ дахэ иIэтэкъым. Абы кьищынэмыщIауэ, ар и щхьэгъусэ Гончаровэ Наталье нэхърэ сантиметри 10-кIэ нэхъ лъахъшэт. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу зэлI-зэфызыр зэгъусэу цIыху щахьихэм деж Александр и щхьэгъусэм нэхъ пэжжьэу зэрыщытыным яужь итт.

★Толстой Лев и щIалэгъуэм куэзыр джэгуным икъукIэ дихьэхыу щытащ. Уеблэмэ, Ясная Полянэм щиIа унэ щIалIэр фIахьауэ щытащ. Мызэ-мытIэу ар кьищэхужыну яужь ихьат, ауэ кьехъулIакъым.

★Толстойм тхэкIэ Iей дыдэ иIэт. Абы итхар и щхьэгъусэм фIэкIа зыми кьыхуиныртэжьыми, абы кьыртхыкIыжьырт и лIым и Iэрытхэр. «Война и мир» роман иныр бзыльхугъэм зыбжанрэ кьуртхыкIыжьын хуей хъуауэ жалэ.

★Гоголь Николай цIыху Iэпщ Iэльапщ Iэу щытащ. Абы фIы дыдэу илъагъуу зэрихьэу щыта пщэдэлъ цIыкIухэр езым идыжьрт.

★Куприн Александр мэкIэ Iэзэт. Зэгуэрым, дыху зэхэзыщIэ франджы щIалэм и дыхур зэрызэхэт пкъыгъуэхэр кьанэ щымыIэу жриIати, щIалэр хэщэтыкIри Куприн тхакIуэ IэнатIэмкIэ зигъэкIуэдыжауэ къызэриIъытэр кьыжриIат.

Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнщ гушыIэшхуэ зыхэль тхакIуэхэм ящIауэ тхыдэм къыхэна Iуэхугъуэхэр.

★Дойль Артур Конан Лондон нэхъ къулейуэ, банкир цIэрыIуэу дэс цIыху 12-м кьыхихри «Псори наIуэ хъуащ» псалъэухам фIэкI имыту письмо зыриз яхуитхат. КъыкlэлъыкIуэ махуэм цIыху 12-ми зафIэпщкIыри кьалэм дэIэпхъукIат. ТхакIуэр гушыIа щхьэкIэ, мыдрейхэр щIэшынэн якъуэлът.

★Твен Марк Невадэ журналистуэ лэжьэн щыщIидзат. Зэгуэрым ар бильярд джэгуIэм щыIэхэри цент 50-кIэ зыгуэрым баз пихьат, зэдэджэгумэ текIуэну жиIэу. Марк кьрихьэлIа щIалэр кьыщыдыкIэхэри, мо джэгуIэмыщIэр фIэгуэныхь зэрыхъуэ кьыхэкIыу, Iэ сэмэгукIэ кьыздэджэгуну триуэхащ. АрщхьэкIэ, Твен хэнэри, и аухэри фIахьащ. Ауэ жиIащ Iэ сэмэгукIэ апхуэдизу фIыуэ джэгущIалэр Iэ ижькIэ зэрыджэгур илъагъуну и нэ кьыззрикIыр. АрщхьэкIэ мыдрейм зыкъуимысыжащ зэрыIэсэмэгумкIэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● ФщIэн папщIэ

Я щхьэ Iуэхукlэ къыхуэкIуэнухэр кърегъэблагъэ

Урысей ФСИН-м и Iуэхущ IапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Бырмамыт Чэрим щIыхуэхэм щаIущIэнущ Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ егъэблагъапIэм.

2019 гъэм гъатхэпэм и 6-м сыхьэтым 10-м кьыщыщIэдзауэ унафэщIыр яIущIэнущ Тезырхэр егъэпшынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм теухуауэ упщIэ, Iуэху зиIэ цIыхухэм.

Щрагъэблагъэ Iуэхущ IапIэр зэдэщыIэр: КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и проспект, 27, телефонхэр **(8662) 42-13-59, 22-97-62, 22-97-44.**

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 2, *щэбэт*

♦**МафIэдзым и дунейпсо махуэщ**
♦**Индием щагъэлъапIэ гъатхэмрэ плъыфэ зэмыфэгъуэхэмрэ я махуэр**
♦**1796 гъэм** Бонапарт Наполеон франджы армэм и унафэщIу ягъэуващ.
♦**1855 гъэм** Урысейм и император хъуащ Александр ЕтIуанэр.
♦**1911 гъэм** Пятницкий Митрофан кьызэригъэпэща урыс цIыхубэ хорыр япэу утыку кьихьащ - Москва концерт щитащ. Иджыпсту ар Пятницкэм и цIэр зезыхьэ кьэрал академическэ урыс цIыхубэ хорщ.
♦**1919 гъэм** Москва кьыщыщэрагъэпэщащ финансхэмкIэ институт. Иджыпсту ар Урысей Федерацэм и Правительствэм и Финанс академиерщ.
♦**1919 гъэм** Коминтерным и япэ съездыр Москва щызэхэтащ.
♦**1949 гъэм** ЩIым и хъуреягъыр къемытIысэхыу япэ дыдэу кьалъэтыхьащ. Галлахер Джеймс зэригъэкIуэ кхъухьлъатэм я гъэугуанэр сыхьэт 94-рэ 1 дакьикъэкIэ зэпичащ.
♦**1983 гъэм** дунейм щыяпэу Инджылызым щагъэлъэгъуащ компакт-дискыр.
♦**1986 гъэм** Инджылызым и пащтыхь гуащэ Елизаветэ ЕтIуанэм Канберрэ щытридзащ Австралиер я къэралым и унафэ зэрыщIэмытыжьым теухуа дэфтэрым.

Грозный Иванрэ Гуащэнэрэ (Мариерэ) я кьуэ Василий кьызэралъхурэ илъэс 456-рэ ирокъу.

♦Тыжьдэж, Кавказым и этнограф, адыгэхэм куэдрэ ятетхыха **Люлье Леонтий** кьызэралъхурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Урыс еджагъэшхуэ, щIэблэр егъэджэныр щIэныгъэр и лъабжьэу зэтеуэныкIэ фIыщIэшхуэ зыбгъэдэлъ **Ушинский Константин** кьызэралъхурэ илъэси 195-рэ ирокъу.

♦Адыгэй усакIуэ, Совет Союзым и Плъхьужь **Андырхъуей Хьысен** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща, СССР-м и япэ икIи и иужьрей президенту щыта, жылагъуэ лэжьакIуэ **Горбачёв Михаил** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Саввинэ Ие** кьызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей модельер, сурэтыщI, кьиргупсые фэилъхьэгъуэ тепльыджэхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа **Зайцев Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цIыхубэ артист **Богатырёв Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

Дуейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс мащIэ кьыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 3, *тхьэмахуэ*

♦**ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ЩIыуэпс къабзэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Сабийхэм яхуэгъэза нэтынхэр зыгъэхьэзыр телевиденэмрэ радиомрэ я дунейпсо махуэщ**
♦**ТхьэкIуэмэ и уэзыншагъэм кIэлъыплъыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Куржым щагъэлъапIэ Анэм и махуэр**
♦**Къыргъызым и Къэрал пшым и махуэщ**
♦**Болгариием и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Уэсмэнхэм я щыIыгъэм къыщыщIэкIа, езыхэм я къэралыгъуэ щызэрагъэпэщыжа махуэщ.** 1396 гъэм къыщыщIдзауэ 1878 гъэ пщIондэ Болгариер Уэсмэн империем хьыхьу щытащ.
♦**Японием щагъэлъапIэ Хъыджэбз цIыкIуэхэм я махуэр**
♦**1613 гъэм** Романов Михаил Фёдор и кьуэр Урысейм и пащтыхьу щыхъащ цIыхубэ лIыкIуэхэм я зэхуэс нэхъыщхьэхэм.
♦**1861 гъэм** Урысейм и император Александр ЕтIуанэм Iэ щIидзащ цIыхуэхэр ягъэпщылIу мыведыным теуху, хуит кьэхъуж мэкъумэшыщIэхэм я Iэхуэр зэрыхъунур щыубзыхуа унафэм.
♦**1863 гъэм** США-м щIэныгъэхэмкIэ и лъэпкъ академиер кьызэрагъэпэщащ.
♦**1920 гъэм** Москва Печатым и унэ кьыщыызIуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэрщ.
♦**1923 гъэм** Америкэм кьыщыдзкIащ «Time» журналым и япэ номерыр.
♦**1931 гъэм** США-м и Конгрессым кьэралым и лъэпкъ гимныр кьыщIатащ.
♦**1991 гъэм** Латвиемрэ Эстониемрэ референдум щекIуэкIащ СССР-м кьыхэкIыным теухуауэ. Латвием щыпсэухэм я процент 75-м нэблагъэр, Эстонием исхэм я процент 78-м щIигъур и телъхьэ хъуат я къэралхэр щхьэхуэ хъуным.
♦Шотландием щыщ щIэныгъэлI, къэхутакIуэ, телефоныр къэзыгупсыса, Америкэм телекоммуникацэ Iэнатlэм зыщиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Белл Грейам Александр** къызэралъхурэ илъэси 172-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ, усакIуэ, драматург **Олешэ Юрий** кьызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.
♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгейм и къэрал педагогикэ институтым и ректору щыта **Ячиков Александр** кьызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **Къардэн Эмахъшэрий** кьызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦Совет актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Марковэ Риммэ** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, драматург **Мысачэ Пётр** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр, тхакIуэ, композитор, продюсер, ЩIДАА-м и академик **Къандур Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мартынюк Георгий** кьызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Молей Алихьан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дуейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэс мащIэ кьыщесынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 6 - 4 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 4, *блыщхьэ*

♦**Белоруссием и милицэм и махуэщ**
♦**Франджым щагъэлъапIэ Анэшхуэхэм я махуэр**
♦**Китаим щагъэлъапIэ Жыг хэсэным и махуэр**
♦**1726 гъэм** Урысейм щыяпэу Петербург гимназие кьыщыщIэухахащ. Ар ЩIэныгъэхэмкIэ академием егъэщIылIат.
♦**1756 гъэм** Сенатым и унафэкIэ Москва къэрал университетым типографие кьыщыщIэухахащ. Иджыпсту ар Ломоносовым и цIэр зезыхьэ МКъУ-м и тхылъ тедзапIэщ.
♦**1818 гъэм** Москва кьыщыщIэухахащ Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ я фэелъ.
♦**1877 гъэм** США щыщ Берлинер Эмиль микрофоныр кьигупсысащ.
♦**1846 гъэм** «Кавказ» газетым кьытридзащ Къаз-Джэрий и «Зи щIыхьыр ин къэрал тетым и деж» письмор.
♦**1918 гъэм** Тэрч ЦIыхубэ Республикэр къэунэхуащ
♦**1921 гъэм** Абхъазым Совет властыр щагъэуващ икIи Абхъаз республикэ кьыззрагъэпэщащ.
♦**1955 гъэм** Японием и «Sony» фирмэм жыпкIэ кьепхьакI хъу радиохэр кьыщIигъэкIыу щIидзащ.
♦**1986 гъэм** СССР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм унафэ кьыдигъэкIащ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и Музей нэхъыщхьэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ». Ар Iэтауэ кьызэIуахащ 1995 гъэм накьыгъэм и 9-м - ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъу махуэм.
♦**2012 гъэм** Путин Владимир Урысейм и Президенту хахьэжащ, Iэ зыIэтахэм я процент 63,6-рэ и телъхьэ хъури. Абы и пэкIи а кьулыкъум Путиныр пIалъэткIэ пэрытат.
♦Италием щыщ композитор, дирижёр, скрипкэм Iэзэ дыдэу еуэ **Вивальди Антонио** кьызэралъхурэ илъэс 341-рэ ирокъу.
♦Франджы композитор цIэрыIуэ **Мориа Поль** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЗыIплъыкIыкIуэ къэзыкIухьхэм я урысей зэгухьэныгъэм и президенту щыта, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Сенкевич Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Совет актриса, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Лужинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КIуэкIуэ Тэлэдин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Москва и филармонием и академическэ симфоние оркестрым и унафэщI **Симонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэн Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Радиожурналист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хьэмэту Къадир** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦КъэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Моисеев Борис** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, Къэбэрдей-Балъкъэрым экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ пыщIа лэжьыгъэхэр щыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.
♦Урысей футболист, гъуащхьэтет, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Малафеев Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дуейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ущымытхъущэ - пхуэубыжынкъым.

УЗЫНШАГЪЭ

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Гиппократ и тхьэрыІуэм хуэпэж

Князев Шаман и унагъуэр и гъусэу.

«ЦІыхум и кулеягъэ нэхъыщхьэр и узыншагъэрщ. Дохутырхэм ди кьалэн нэхъыщхьэр ар тхъумэнырщ. Ди лэжьыгъэр зыхуэгъэпсар аращ. Ди санаторэм кьытхуеблагъэ псоми фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэнымкІэ шэсыпІэ сихьэфынущ», - щитхащ «Голубые ели» санаторэм и унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Князев Шаман Іуэхущ1апІэм кьакІуэхэм ар кьаэрыщыхьуар кьыщагъэльагъуэ тхьилъ. А псалъэхэм темыкІыу, Гиппократ и тхьэрыІуэм хуэпэжу илъэс куэд щІауэ пщІэрэ щІыхьрэ иІэу мэлажьэ ар.

КНЯЗЕВ Шаман 1944 гъэм мазаем и 21-м Гундэлэн къуажэм къыщалъхуащ икІи ди лъэпкъым и щхьэм кьрикІуар игъэващ. Абы и сабиигъуэм щыщ Іыхьэ щигъэкІуащ Узбекистаным. Хэкум кьагъэзэжа нэужь Гундэлэн жьлэм дэт курыт школыр кІиуухьжащ, иужькІэ Дон Іус Ростов кьалэм дэт медицинэ институтым щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. ЕджапІэ нэужьым кьыщалъхуа кьуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ. Шаман и фІыгъэкІэ уз зэрыщІалэхэм щеІэзэ, хирургие кьудамэхэр кьызэІуахауэ щытащ. Абы зэрыщыІэжьа илъэсипшІым куэдым сэбэп яхуэхъуащ, хуэзэфІэкІыххэу щІыхр щигъэщІэкІыхьхэу щІыхр щигъэщІэхъуа кьэхъуакъым. Зыхуэныкъуэ ХущхъэІуахауэ щытащ. Абы зэрыщыІэжьа илъэсипшІым куэдым сэбэп яхуэхъуащ, хуэзэфІэкІыхьхэу щІыхр щигъэщІэкІыхьхэу ягъэуващ. Шаман и фІыгъэкІэ уз зэрыщІалэхэм щеІэзэ, хирургие кьудамэхэр кьызэІуахауэ щытащ. Абы зэрыщыІэжьа илъэсипшІым куэдым сэбэп яхуэхъуащ, хуэзэфІэкІыхьхэу ирагъэблагъащ Князевыр. Абдежым и пщэм зэуэ кьахъуа кьэхъуакъым. Зыхуэныкъуэ ХущхъэІуахауэ щытащ. Абы зэрыщыІэжьа илъэсипшІым куэдым сэбэп яхуэхъуащ, хуэзэфІэкІыхьхэу ирагъэблагъащ Князевыр. Абдежым и пщэм зэуэ кьахъуа ЗИ КЪАЛЭНЫР нэгъэсауэ зыгъэзащІэ бзылъхугъэм и Іэнатіэр зэрырихьэкІымкІэ кьыхуэарэзэщ, унафэщІхэри сымаджэхэри, и пщІэр щылъагэщ зыхэт гупым я деж.

«ШыІэныгъэ хэлъу, гуапэу яхущытщ ар сымаджэхэм. Цыхьу псори я хьэлкІэ зэхуэдэкъым. Кьапщтэмэ, узым кьыхигъэзыхьыр адрейхэм ещхькъым, нэхъ тэмакъкІэщІщ, къэгубжьыгъуафІэ мэхъу, ауэ Анфусэ дэтхэнэри арэзы ищІыфу и лэжьыгъэр егъэзащІэ. Абы и Іуэху бгъэдыхьэкІэм наІуэ пщещІ ар зыпрыт ІэщІагъэмкІэ ихь жэуапыр нэсу зэрызыхищІар», - жеІэ БахъсэН районым сымаджэщым и травматологие кьудамэм и унафэщІ Хъупсырджэн Мухьэмэд.

КЪАРДЭН Мухьэмэд, *Бахъсэн щыналъэ. Ислъамей къуажэ*

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм кьызэригъэлъагъуэмкІэ, гъэ къэс лыш узыфэр зыпкъырытхэр нэхъыбэ мэхъу. БлэкІа илъэсым ди къэралым апхуэдэ сымаджэхэм кьахэхъуащ цІыху мин 617-рэ, ар 2017 гъэм ебгъапщэмэ, мин 20-кІэ нэхъыбэщ. Абы и лъэныкъэкІэ дуней псоми щытыкІэр нэхъ щІагъуэкъым: 2018 гъэм дохутырхэм узыфэ шынагъуэр яІэу кьахутащ цІыху мелуан 18-м. А илъэсым мелуани 9,6-р абы илІыкІащ.

ГЕРМАНИЕМ щыІэ Гейдельберг кьалэм дэт Лыш узыфэхэмкІэ нэмыцэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ центрым и унафэщІ, профессор Бауманн Михаэль зэрыжиІэмкІэ, узыфэм и лІэужьыгъуэ 30-р кьызыхэкІыр тутыныращ икІи нэхъ псынщІэу ар зэрыхыфІадзэным щІыхухэр кьыхуреджэ. «Лыш узыфэм упэщІэтынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъарзынэу щыІэр кьэуат зыщІэлъ ерыскъуэ узыншэмрэ спортымрэщ. Мис абыхэм гулъытэ нэхъыбэ хуэфщІ», - жеІэ нэмыцэ дохутырым.

Узыфэ шынагъуэм пщІэтынымкІэ, абы зэмыгъэубгъуэнымкІэ ди республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм І пажьыгъэ щхьэпэхэр ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэу УнэтІынигъэ зыбжанэ зиІэ районхэм зэдай сымаджэщым лыш узыфэмрэ малоинвазивнэ хирургиемкІэ и кьудамэм иджыблагъэ «бжэ зэІухам и махуэ» кьыщызэрагъэпэщащ. Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс мазаем, Лыш узыфэхэм пэщІэтынымкІэ урысейпсо махуэм ирихьэлІэу, а Іуэхур кьыщыхаІахьэ мы сымаджэщым.

Іуэхущ1апІэм кьекІуэлахэм я узыншагъэр кьапщытащ лыш узыфэхэм елъэз дохутырхэу Нэгъуей Эльмирэ, Пирмагомедов Альберт, Ульбашев Азэмэт сымэ. Іэщ1агъэлІэхэр цІыху 35-м яхуэзати, дэтхэнэми и щІэныкІэр зыхуэдэр зрагъащІэри, адэкІэ зэрызыкІэльыплъыжьыным теухуа чэнджэщхэр ираташ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм я узыр хэтІэсауэщ дохутырхэм зыщыхуагъазэр. ЩІэх-щІэхыурэ кьызэрагъэпэщ профилактикэ кІэльыплъыныгъэхэр сэбэпышхуэ мэхъу узыфэхэр и чэзум кьахэтэныжмкІэ. Пасэу елъэзи щІадзэмэ, куэдкІэ нэхъ гъэхъужыгъуафІэ хъунущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Лышх узыфэм и «бийхэр»

Фащэ хужьым хуэфащэ

Илъэс 25-м нэблэгъауэ Бахъсэн район сымаджэщым и травматологие кьудамэм медсестрауэ щолажьэ Къардэн Анфусэ.

КЪАМБИЙ Лианэ:

Си Іэщ1агъэр егъэлеяуэ фІыуэ солъагъу

«Альма-Дент» стоматологие клиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къамбий Лианэ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, гукІи псэкІи и Іэнатіэм етауэ лажьэ цІыху емызэщщ. Абы зыпэрыт Іуэхум зэфІэкІ лъагэхэр зэрыщІэм и щхьэтщ клиникэм и цІэр фІыкІэ зэрыІуар. Шэч хэмылъуи, дохутырым ар кьыщІехьулІэр и пщэ кьыдэхуэмкІэ ихь жэуапылъыгъэр нэсу зэрызыхищІэрщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьызэрыхуигъуэтыфырщ, ар и нэІэм щІэт гупрауи ирехъу е зи дзэм езыгъэплъыну кьакІуэхэрауи щрет. И Іэщ1агъэм щытепсэлъыхькІэ, клиникэм щеІэкІэкІ лэжьыгъэр уи нэгу щыщІэкІкІэ умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым а бзылъхугъэ цІыкІум хуэзфІэкІкІыр зыхуэдизыр.

- СИ Іэнатіэр лэжьыгъэу кьэслъытэркъым, фІыуэ сльагъу Іуэхущ ар кьыхэзрыщыхьэр, - жеІэ Къамбийм. - СызэрыщІыкІурэ дохутыр Іэщ1агъэм сехъуапсэрт. СызыхуеджэнымкІэ хэт кьэзэупщІми, «сабий дохутыр сыхъунущ» яжесІэрт. Курыт еджапІэр кьэзэухри, занщІэу си тхьилъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым и «Лечебное дело» кьудамэм щІэслъхьащ. Іэмащ1элъэмащ1э цІыкІуу сызэрыщытым щхьэкІэ, си анэр лэжьыгъэм сыпэмылъэщынкІэ тегузэ, вызыхьрт. «Іэнатіэ гугъуу, пхузэфІэкІынукъым, жаІэ-кІэрэ ущылажьэ кьыпхуиухэнущ, ар кьыптехьэлъэнущ», - кьызжиІэрт. Абы щыгъуэм си щІэныгъэм хэзгъэхъуэну КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щылажьэ, биологие щІэныгъэмэ я кандидат Бесыбийкіу Хьэзешэ и деж сыкІуэрт. ИкъуэкІэ цІыху губзыгъэт, акъылырІэт ар. Абы сечэнджэщри, кьыхэсха Іэщ1агъэм ифІри и Іейри зэхэхауэ кьызэригурІэзІуащ. Абдежым стоматологием сыхуеджэну тезэухуаи икІи сыщыхущІегъэжа кьисхуиухакъым. Пажщ, си анэм зэригугъауэ, а лэжьыгъэм зэман нэхъ мащІэ ихьинущ зэрыжиІам хуэдэу, хъуакъым. Кьапщтэмэ, хабзэм кьызэригъэувыдмкІэ, стоматологыр махуэм сыхьэт 5 лэжьэн хуейуэ араща, нэм, тхым, щхьэхэ куІыбгъ кьытехьэлъэу зэрыщытым кьыхэкІыу. Ауэ сэ пщэдджьыжьым щыщІэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху лэжьапІэм сыщыІэщ. Ахъшэ нэхъыбэ кьэзлъэжьынщ жысІэу араккъым, куэд щІауэ сиІэ зыуэпсапІэщ си Іэщ1агъэмкІэ нэхъыфІу сыкъалъытэу сыхъунырт. Абы щхьэкІэ езэш уимыІэу уи Іэзагъэм, щІэныгъэм зэрыхэбгъэхъуэным ухущІэкъупхъэщ. Си зэфІэкІкІэ, си ехьулІэныгъэкІэ си анэр згъэгушхуэну сыхуейщ. ИтІанэ, нэгъуэщІуи сохуэфІкІыжьыну Санкт-Петербург. Си анэр Мурманск щыпсэуэти, абы лэжьэн щыщІэздзащ. Ильэс дэкІри Налшык кьызгъэзэжащ икІи Республикэ стоматологие центрым сыуващ. Илъэсищ хуауэ «Альма-Дент» клиникэм сыщолажьэ.

- **КъызэрыщІэбдзар балигъхэм еІэзэ стоматологие терапевтущ. ИужькІэ сабийхэри кьыпхуашэ хъущ икІи, сызэрыщыгъуазэмкІэ, ари фІы дыдэу къохъулІэ. Абы и щыхьэтщ Инстаграмым ущиІэ напэкІуэцІым а цІыкІуэхэр гуфІэу кьыщыхьэ сурэтхэр, видео телІъагъуэхэр, адэ-анэхэм я фІыщІэ псалъэхэр.**

Сурэтыр **Шал Александр** *трихащ.*

- Ялэ илъэсыблым балигъэращ сызэІэзар. Сыздэлажьэм, гъунэгъу пэшхэм кьыщІэлыкІыу куэдрэ зэхэсхьэт сабийхэм я гъы макъыр. Ар си гум щІыхьэт, цІыкІуэхэри сфІэгугъэныхь хъурт. Хуэм-хуэмурэ сегупсысу щІэздзащ сабийхэм ар кьатемыкьэлъэу пщы зэрыхъунри. Си деж кьакІуэ балигъхэри кьызэлъэурт я сабийхэм я дзэхэм сеплъыну. Пэжыр жысІэнщи, сабий стоматологием езым и щхьэхуэныгъэхэр иІэжщ, сэ я псоми сыщыгъуазэтэкъым. Ауэ сытегушхуэри, абы сыхуеджэжащ, си Іэзагъым Москва, Санкт-Петербург дэт стоматологие Іуэхущ1апІэхэм щыхэзгъэхъуащ, анхуэдэу а унэтІыныгъэмкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм кьиныр ди деж кьакІуэ Іэщ1агъэпІэхэм ирагъэкІуэкІ зэхьихьэхэм сыщыІащ. А зэманым Республикэ стоматологие центрым кьыдэкІуэу уней клиникэми сыщыІэти, абы сабийхэм елъэзи кьыщыІэздзащ. ЗанщІэу кьызгурыІуащ цІыкІуэхэр телевизоркІэ тебгъэзу зэрыхъунур икІи ар сыщылажьэ пэшым щІэзгъэзуващ. НэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ гъэщІэгъуэнхэри кьызогъэсэбэп. Ахэр мышынэу, узыр зыхамыщІэу сызэрелъэзэным теухуауэ сытым дежи зы щІэ гуэр кьэсслъэхьэу апхуэдэщ. Пэжщ, ятэхэм гугъу сехьащ, сызэрелъэзэнур сщІэ щхьэкІэ, сабий психологием зыри хэсщІыкІыртэкъым. Си ныбжьэгъу сабий стоматологыр кьыщездж, кьысхуаша цІыкІум сызыбгъэдигъэхьэну зыкІи сыщыхэмызагъи кьэхъуащ. Адэ-анэхэри, езыхэм кьагурымыІуэжу, зыкъомкІэ зэран хъурт. ИужькІэ сабийхэр я закъуэу пэшым кьыщІэсшэу щІэздзащ. Адэ-анэр я гъусэмэ, загьафІэ, кьынтІэшынтІэ мэхъу. «Альма-Дент» клиникэм сыкьрагъэблэгъа нэужь, а Іуэхум нэхъ зеэгъэужьащ, сыхэзэгъэуну, дауи, бгъэдыхьэкІэ кьахуэбгъуэтыгъфмэ. Махуэ ныкъуэкІэ балигъым убгъэдэсауэ, зы сабий кьыщІыхьэмэ, абы Іэмал имыІэу зыгуэр кьыбжиІэнурэ уи гукъыдэжым зэуэ хигъэхъунущ, уэрэшари пщигъэгъупщэжу. Кьыщыхьу щыІэщ сабийр кьыдэхтэхьэкІэ кьахуэбгъуэтыгъфмэ. Махуэ ныкъуэкІэ балигъым убгъэдэсауэ, зы сабий кьыщІыхьэмэ, абы Іэмал имыІэу зыгуэр кьыбжиІэнурэ уи гукъыдэжым зэуэ хигъэхъунущ, уэрэшари пщигъэгъупщэжу. Кьыщыхьу щыІэщ сабийр кьыдэхтэхьэкІэ кьахуэбгъуэтыгъфмэ, пщІэтІэнымкІэ, сабий стоматологыр ирихьэлІэу, а Іуэхур кьыщыхаІахьэ мы сымаджэщым.

Іуэхущ1апІэм кьекІуэлахэм я узыншагъэр кьапщытащ лыш узыфэхэм елъэз дохутырхэу Нэгъуей Эльмирэ, Пирмагомедов Альберт, Ульбашев Азэмэт сымэ. Іэщ1агъэлІэхэр цІыху 35-м яхуэзати, дэтхэнэми и щІэныкІэр зыхуэдэр зрагъащІэри, адэкІэ зэрызыкІэльыплъыжьыным теухуа чэнджэщхэр ираташ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм я узыр хэтІэсауэщ дохутырхэм зыщыхуагъазэр. ЩІэх-щІэхыурэ кьызэрагъэпэщ профилактикэ кІэльыплъыныгъэхэр сэбэпышхуэ мэхъу узыфэхэр и чэзум кьахэтэныжмкІэ. Пасэу елъэзи щІадзэмэ, куэдкІэ нэхъ гъэхъужыгъуафІэ хъунущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

ЗэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ

Бакулев А. Н. и цІэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ щІэныгъэ центрым и Іэщ1агъэлІхэр Налшык къалэ щыІащ икІи сымаджэхэм я щытыкІэр къапщытащ. ФІагъ лъагэ зиІэ технологие ІэзэкІэр зи лъабжьэ Іуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэу цІыху 40 къагъэлъэгъуащ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ центрымрэ зэдэлэжьэну зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, мазэ 24-м къриубыдэу Іэщ1агъэлІхэр Налшык я къэкІуащ. Абыхэм республикэм и цІыху 680-рэ операцэ ящІащ.

Сымаджэхэм елъащ дохутыр-кардиолог Къанэмэт Таймураз (КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр къиухащ), гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ хирургэу Фатулаев Замик, Данилов Данилэ сымэ.

Бакулев А. Н. и цІэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ щІэныгъэ центрым и Іэщ1агъэлІхэм къэкІуэгъуэ кьэс нэхъапэкІэ езыхэм операцэ ящІауэ щытахэми я щытыкІэр зыхуэдэр зрагъащІэ. Абыхэм ящыщ Карпенкэ Владимиррэ Уртенов Маратрэ. «Узыфэ хьэлъэт сиІэр, ауэ Къанэмэт Таймураз къызэплъа иужь, гугъэ кьысхилъхьажащ. Москва срагъэблагъэри, кардиохирург цІэрыІуэ Бокерие Лео операцэ сищІащ. Иджыпсту си Іуэхур хъарзынэщ, узым сыкьыхигъэзыхьыркъым», - жиІащ Карпенкэ.

Уртенов Марат и Іуэхури гъэщІэгъуэну кьэкІуэжащ. Къыдалъхуа гу уз зэрилэр занщІэу къащІакъым. Нэгъабэ пыхуэсыхур кьыпкърыхьэри, узыр абы кьыдэхъеящ. Къанэмэт Таймураз зэрыжиІэмкІэ, Марат и насыпти, Центральнэ поликлиникэм и дохутырхэм псынщІэу абы и щытыкІэр зэхагъэкІащ. Бакулев А. Н. и цІэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ щІэныгъэ центрым и Іэщ1агъэлІхэм я зи чэзу кьыкІуэгъуэм ар ирагъэблагъащ я Іуэхущ1апІэм. Уртеновым и операцэри езыгъэжьыкІэкІар Бокерие Леощ. Центрым и дохутырхэм ар хабжащ я деж щрагъэжьыкІэкІ операцэ нэхъ гугъу дыдэхэм.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Хубий Марат Москва къикІа дохутырхэм яхуэзащ икІи фІыщІэ яхуищІащ ехьулІэныгъэ яІэу зэрызэдэлажьэмкІэ. Апхуэдэуи ар епсэлъащ центрым ирагъэблагъа сымаджэхэм.

ДОЛ Іэминэ.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм кьызэригъэлъагъуэмкІэ, гъэ къэс лыш узыфэр зыпкъырытхэр нэхъыбэ мэхъу. БлэкІа илъэсым ди къэралым апхуэдэ сымаджэхэм кьахэхъуащ цІыху мин 617-рэ, ар 2017 гъэм ебгъапщэмэ, мин 20-кІэ нэхъыбэщ. Абы и лъэныкъэкІэ дуней псоми щытыкІэр нэхъ щІагъуэкъым: 2018 гъэм дохутырхэм узыфэ шынагъуэр яІэу кьахутащ цІыху мелуан 18-м. А илъэсым мелуани 9,6-р абы илІыкІащ.

ГЕРМАНИЕМ щыІэ Гейдельберг кьалэм дэт Лыш узыфэхэмкІэ нэмыцэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ центрым и унафэщІ, профессор Бауманн Михаэль зэрыжиІэмкІэ, узыфэм и лІэужьыгъуэ 30-р кьызыхэкІыр тутыныращ икІи нэхъ псынщІэу ар зэрыхыфІадзэным щІыхухэр кьыхуреджэ. «Лыш узыфэм упэщІэтынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъарзынэу щыІэр кьэуат зыщІэлъ ерыскъуэ узыншэмрэ спортымрэщ. Мис абыхэм гулъытэ нэхъыбэ хуэфщІ», - жеІэ нэмыцэ дохутырым.

Узыфэ шынагъуэм пщІэтынымкІэ, абы зэмыгъэубгъуэнымкІэ ди республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм І пажьыгъэ щхьэпэхэр ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэу УнэтІынигъэ зыбжанэ зиІэ районхэм зэдай сымаджэщым лыш узыфэмрэ малоинвазивнэ хирургиемкІэ и кьудамэм иджыблагъэ «бжэ зэІухам и махуэ» кьыщызэрагъэпэщащ. Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс мазаем, Лыш узыфэхэм пэщІэтынымкІэ урысейпсо махуэм ирихьэлІэу, а Іуэхур кьыщыхаІахьэ мы сымаджэщым.

Іуэхущ1апІэм кьекІуэлахэм я узыншагъэр кьапщытащ лыш узыфэхэм елъэз дохутырхэу Нэгъуей Эльмирэ, Пирмагомедов Альберт, Ульбашев Азэмэт сымэ. Іэщ1агъэлІхэр цІыху 35-м яхуэзати, дэтхэнэми и щІэныкІэр зыхуэдэр зрагъащІэри, адэкІэ зэрызыкІэльыплъыжьыным теухуа чэнджэщхэр ираташ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм я узыр хэтІэсауэщ дохутырхэм зыщыхуагъазэр. ЩІэх-щІэхыурэ кьызэрагъэпэщ профилактикэ кІэльыплъыныгъэхэр сэбэпышхуэ мэхъу узыфэхэр и чэзум кьахэтэныжмкІэ. Пасэу елъэзи щІадзэмэ, куэдкІэ нэхъ гъэхъужыгъуафІэ хъунущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

**Си Іэщ1агъэр зыщІэлъ щІыпІэ щхьэпэхэм ирагъэкІуэкІ. Ар ди щІыпІэ щхьэпэ щыІэ Инстаграмым ущиІэ напэкІуэцІым и щІыпІэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, ехьулІэныгъэ, ехьулІэныгъэ, ехьулІ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІоф хьэнтхъупс

Шыуаным тхъу иралъхьэри, мафІэ щабэм тету ягъэткІу. Абы зэпэллімэурэ упщІэта бжьыныщхьэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа хакІутэ, зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хьуху ягъэлыбжьэ. Абы псывэ къагъэхьэзырам щыщ бэлагъкІэ зэІащІэурэ щІакІэ, зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету дакъикъитІ-щыкІэ къагъэкъуалъэ. Абы халъхьэ Іупщ1эурэ упщІэта кІэртІоф. Псывэ къэнар щІакІэжри шыгъу хадзэ, зэІащІэ. Шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хьуху мафІэ щабэкІэ ягъавэ. Хьэзыр хьуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкъи къытрах-ри джэдын, бурш хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри дакъикитхукІэ щагъэт. Пщтыру фальэкІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх. Шати хэзыкІэ щыІэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): тхъууэ - грамм 40, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 35-рэ, псывэу - грамм 900, кІэртІоф укъэбзауэ - грамм 200, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Бабыщыл гъэбэкхъа

Бабыщ укІар, гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, лыр щІигъанэу псы хуабэ щІакІэ, шыгъу хадзэ. МафІэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбзар къытрахыурэ, абы и ужькІэ мафІэр щІыкІу якІ, шыуаныщхьэр трапІэри ныкъуэвэфІ хьуху ягъавэ. Бабыщыл вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъ. ШыуанкІэ е тебэ куукІэ тхъу къагъэплъ, абы бабыщыл гъущахэр халъхьэри, зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ хьуху ягъажьэ. ИтІанэ мафІэр цІыкІу ящІри, щІимэ цІыкІуурэ упщІэта бжьын, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ ящІи, зэІащІэурэ, бжьыныр тхъуэплъ хьуху ягъажьэ. Абы бжьыныху уба халъхьэ, зэІащІэурэ шатэпс щІакІэ, шыуаныщхьэр трапІэ, мафІэр щабэ дыдэ ящІри, хьэзыр хьуху ягъэбэхъ. Шыуанр пэшхьэкум къытрахыжри джэдгын хаудэ. И щхьэр тепІауэ дакъикъи 5-6-кІэ щагъэт, нэхъ Іэфі, мэ дахэ къищтэн щхьэкІэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж, бабыщылыр тепщэчым иралъхьэ, абы и щІыІум тракІэ шыуаным къина шатэпсри бжьыныхури. Яшх пщтыру, пІастэ, мырамысэ щІыгъуу. Шэ хуабэ трахьыхьж.

Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ): бабыщылу - грамм 1000, бжьыныщхьэу - грамм 50, бжьыныхуу - грамм 30, тхъууэ - грамми 150-рэ, шатэпсу - грамм 200, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэм Сыхъум къалэ деж зыщагъэпсэху. *Сурэтыр* **Уилибальд Рихтер** *ищІащ. 1854 гъэ*

● Фэ фщІэрэ?

ТхылъымпІэр къыщагупсысар

1962 гъэм ди къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэса студентхэм я бжыгъэр плІыкІэ нэхъыбэт, Инджылызыем, Италием, ФРГ-м зэгъусэу щеджэм нэхърэ. А лъэхъэнэм ди зэкъум исхэм ящыщу цІыхуиплІым я зыр еджэрт.

* * *

ГъущІ лъэмыжхэр ялэ дыдэу ухуэн щыщІадзар Китай къэралыгъуэм и бгылъэ куейкэрщ. Лъэмыж нэхъыжь дыдэу къалъыгэр абы щыІэ Тату псым зэпрыкІыу фІащІарщ. Ар иджыри къызэдэсым мэлажьэ, щацхуар 1706 гъэрщ.

* * *

ТхылъымпІэм ещхь гуэркхэр ялэу къыщагупсысар ди эрэм и 105 гъэхэрщ.

* * *

Аммиакыр промышленностым и лІэужьыгъуэ мини 2-м къыщагъэсэбэп.

* * *

Лъэпкъ бэракъхэм нэхъыжь дыдэр датхэм яйрщ. ЩэкІ плъыжьым хужькІэ тещІыхьа чрестыр къыщагупсысар 1219 гъэращ.

* * *

Нэхум и псынщІагъыр ялэ дыдэу къэзыхутар астроном Ромеррщ. Ар къыщыхъуар 1675 гъэрщ.

* * *

Курыт лІэщІыгъуэхэм европэ къэрал псоми чырбыш щыІэтралъхьэкІэ е блыным сэку щраткІэ кхъуейлъалъэ е джэдыкІэпс халъхьэу щытащ. ЗэрыжаІэмкІэ, ар куэдкІэ нэхъ быдэ хъурт бетоным нэхърэ.

* * *

ЦІыхухъухэм жьакІэупс къагъэсэбэпын зэрыщІадзэрэ илъэс мини 5 мэхъу. Абы щыхьэт тохъуэ археологхэм Месопотамием къыщагъуэта мывэ пІащІэ ІулъыкІар.

* * *

Сабыныр хъэзыгупсысар Вавилон щыпсэуа гуэрщ. Ар къыщыхъуар илъэс мини 5 и пэкІэщ.

* * *

Пощт Іэхъутхьэбзэ нэхъ гъэщІэгъуэн дыдэр здэщыІэр Индонезиеращ, Палан, Надинэ хытІыгуэхэм я зэхуакум щызэкІуэ. Пощтзехьэм и къалэныр зыгъэзащІэр лъэныкъуитІми еуалІэ псыращ. Письмор птулъкІэм иралъхьэри, сыхьэт 24-рэ зэрыдзэкІыу ар адрей хытІыгум и Іуфэм нос.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Цыхухэр я гупсысхэр

Нэхъ пуду икІи лъапІэу

Пщ1э зыхуэщІыпхъэу дуней псом тетыр акъылырщ.

Гельвеций Клод, *франджы философ.*

УзрихьэлІэ щІэ псоми зыужьныгъэм ухуэпабгъэу ящІ.

Белинский Виссарион, *урыс критик.*

Сыт хуэдэ Іэхуми щынэхъыщхьэр улэжьэну ущыхуэмей дакъикъхэм уебэкъуэфынырщ.

Павлов Иван, *урыс щІэныгъэлІ.*

Іэхум ущытепсэльыхьынур арзэфІэбгъэкІа нэужьщ.

Овидий, *урым усакІуэ.*

Пэжыр къыбгурыІуэныр, гуакІуагъэр зыхэпщІэныр, фІым ущІэхъуэпсыныр - мис аращ гъащІэм и купщІэр.

Платен Август, *нэмыцэ усакІуэ.*

И гъащІэр иригъэфІэкІуэным зэрыщІэхъуэпсыр цІыхум зэи къытепхыфынукъым.

Чернышевский Николай, *урыс революционер.*

Псалъэр гупсысэр къызэраІуатэ Іэмэпсымэу аращи, псалъэр къиІуатэм техуэу щытын хуейщ.

Толстой Лев, *урыс тхакІуэ.*

Зэманыр нэхъ пуд дыдэу, абы щыгъуэми нэхъ лъапІэ дыдэу диІэращ, абы - зэманым - и фІыщІэщ зэдгъэхъулІа псори.

Райнис Янис, *латыш усакІуэ.*

Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу*: 6**. «Сэ уанэгу сыкъыхуу губгъуэм сыкъынами, си уэрэдыр жепІэурэ ... игу сигъэлъ» - ХьэІупэ Джэбрэилрэ КІыщокъуэ Алимрэ яуса уэрэд цІэрыІуэм - «Телъхь уанэр си шым» - щыщщ. **7**. Къамылым къыхащІыкІ алэрыбгъу, лъэгурыдз. **8**. Къуацэчыщэм нэгъуэщІу зэреджэ. **9**. ЛъэпкъитІыр ... быдэкІэ зэпыщІащ. **11**. Егъэлеяуэ ерыщ. **12**. Пщыхьэщхьэ нэмэз щыІыгъуэ. **13**. ... зэрыхьэ бей мэхъу. **14**. Махъсымэм и щІэтІысыкІ. **15**. АпхуэдизкІэ лІы махэщи, ... тетІысхьэмэ, и шхуПэр іопкІ. **17**. Мэш хьэуаз. **19**. Адыгэ генерал ... Мухьэрбий. **24**. АдакъэщІэрэ ... пІастэрэ. **25**. Алыхьым и Іэмырхэм ерыщу тет цІыху. **26**. Къуаншагъэ зылэжьа цІыху. **27**. Пхъэ уадэшхэ. **28**. Анэкъилъху. **31**. Яяныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм я кум илъщ. **34**. ... джэлам ущІэмынакІэ. **36**. МусЛъымэн лъэпкъышхэ. **37**. Илъэс 17 фІэкІ мыхъуу Щоджэнцыкіу Алий итха усэ цІэрыІуэ. **39**. Пхъэ ... е фІамыщІ ... **41**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **42**. Зэгъынэгъуу псэу унагъуэ гуп. **43**. Хэку зауэшхэ нэужьым ЩыжажэхэМ нэхъыбэу дэта «транспорт».

***Къехьу*: 1**. Кхъухьлъатэ-зехуэу щыта, Совет Союзым и Лыхъужь. **2**. Шыуаныщхуэ. **3**. Адыгей тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ. **4**. ТхъуцІынэ щІахуа нэужь кьанэ псыр. **5**. Адыгэ цейм и щІагъым щІалъхьэ щІыхухъу щыгъын. **10**. ЦІыхум кьагъэкІ чыцэм къыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ - фІыцІэуи плъыжьуи щыІэщ. **11**. Сосрыкъуэ къум щІыІэжьым къришыжьа нартхэм ящыщ зы. **15**. Іэщым, хьеуаным зэреджэ нэгъуэщІыцІэ. **16**. Псалъэжь: « ... Іуры-гъэлъэда хуэдэ». **18**. Пэм къипсэлъыкІ цІыху. **20**. ЩІыпІэ хуабэхэм хьэлъэзэжьэу къыщагъэсэбэп псэ-щхьэ пІащэ. **21**. ПІэтепхъуэ. **22**. ... егъу нэхърэ ныбжьэгъуфІ. **23**. Уэлбанэ нэужьым дыгъэ къепсри куэд мыщІэу дунейр ... хъужащ. **29**. Мэлым къытращыкІа цы щабэ. Е ... бостей. **30**. Хабзэншагъэ зылэжьа адыгэм и тезыгьр нэхъапэм щихьу щыта щІыпІэ. **32**. ХъумпІэцІэдж Іуащхьэ. **33**. Мэкъу пыупщІа сатыр. **35**. Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ. **38**. ЗэІыхьлы цІыху цІэрыІуитІ: тІури тхакІуэ цІэрыІуэхэщ. **40**. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкІэ, Іэщхэм я тхьэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мазаем и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу*: 6**. Азэмэт. **7**. Мудрэн. **8**. Ибэ. **9**. Быджэ. **10**. Амыщ. **11**. Джэлэфей. **12**. Шэщ. **14**. Къэб. **16**. Дурэш. **18**. Пащты. **19**. Хуэмыху. **20**. Хущанэ. **23**. Жэп. **24**. Бэкхъ. **28**. КІэрэхъ. **31**. Набдзэ. **32**. Апэсы. **33**. Сыбыр. **34**. Тут. **35**. Соку. **36**. Ашхабад. **39**. Деур. **40**. Удын. **42**. Баш. **43**. Андрей. **44**. Мэлищэ.

***Къехьу*: 1**. Азэн. **2**. Щэрэдж. **3**. Гъуабжэ. **4**. Дунай. **5**. Нэхущ. **12**. Шынпхъу. **13**. Щощтэ. **14**. Къамыл. **15**. Быхуэ. **16**. Дыху. **17**. Шхуэ. **21**. Щапхъэ. **22**. Ныбгъуэ. **25**. Щэбэт. **26**. Пхъэпс. **27**. Инат. **28**. КІэс. **29**. Хъар. **30**. Тырку. **36**. Аргъей. **37**. Абаз. **38**. Думэн. **39**. Данэ. **41**. Нащэ.

Сурэтхэм къысхуаІуэтар

● Іуэтэж

Куэд щІатэкъым Мухьэмэд цІыхугъэ къызэрыхуэхъурэ, абы къыхэкІыри, щІалэ хьэлэлу, хабзэ хэлъу зэрыщытым фІэкІ, и Іуэху сыщыгъуаззэтэкъым.

Зымахуэ, лэжьыгъэр сухауэ, Пушкиным и уэрамым сытету сыздэкІуэжьым, ар шокъщ жиІэу къысхуэзащ.

- Уоу, сэлам алейкум, сыту фІыт уэзрыслъэгъуар! - жиІэри, Мухьэмэд си Іэр гуапэу къиубыдащ. - Тхьэм щхьэкІэ, неблагъэ. Мис мыращ ди унэр.

КъызэрыщІэкІамкІэ, абыхэм я куэбжэпэм дежт дыщызэхуэзар. «Уи еблагъэ куэд ухъу, иужькІэ дыныщІыхьэнщ», - жысІа щхьэкІэ, Мухьэмэд си Іэблэр иутІыпщакъым.

- ИужькІи дыхущІыхьэнщ, иджипсту хьэщІэ ихьэгъуэ дыдэщ, зиунагъуэрэ, къхьІэ, неблагъэ, си жагъуэ къымышІу», - жиІащ абы, и псалъэхэм фэрыщІагъэ лъэпкъ зэрахэмылъыр къыбгурыІуэу. КъезмыгъэкІущэ пэтми, сыщІэмыхьэу хъуакъым.

Унэм Мухьэмэд и фызым и закъуэт щІэсыр.

- Мыращ ди пщыІэтесыр, фызэрыщІыху, - жи Мухьэмэд. ЦІыхубзым нэмысыфІэу и Іэр къеший. ХьэщІэщым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, залым сыщІашэри диваным сратгъэтІысхьэ. Унэгуащэр, тІэкІурэ фІэкІа щымыту, щІокІыж, зыгуэр зэримурадыр пщІэуэ. Пэж дыдэуи, асыхьэтым пщэфІапІэмкІэ Іэуэлъауэ макъ къыщоІу.

- Хуабжу си гуапэ хъуащ ди унэм укъызэрыщІыхьар, - жеІэ Мухьэмэд. - Парким шахмат дыщызэдэджагу къудейкІэ Іэхур зэфІэкІрэ, зиунагъуэрэ! Моуэ дэ иджыпсту...

Мухьэмэди пщэфІапІэмкІэ кІуащи, зэщхьэгъусэхэм, зэхэсх къудейуэ, я псалъэмакъыр къоІу. Абы щыщу псалъэ зырызщ си тхьэкІумэм Іупщ1ж къиихьэр: «Хэт?... Горонно... лэжьапІэ... лъэкІынущ... тыкуэным... экстра...».

АдэкІэ зыри зэхэсхыжакъым. Бжэ макъ къэІуат. КъызэрызгурыІуамкІэ, Мухьэмэд тыкуэным кІуэну щІэкІагъэнут. Сыщысщ си закъуэу, пэшыр къызоплъ. ЩІэтпхъэр щІэтщ: щыгъын шкаф, стІол, шэнт къеГъэувэкІауэ, сервант, и ныкъуэм - тхьлъ, адрейм хьэкъущкъу дэту, алэрыбгъу зы блыным, сэ сызэрыс диванымрэ зыбгъэдэтым, фІэлъщ. Тумбочкэ, телевизор, телефон... Ямылей сльагъуркъым.

Сыщысщ, соэзш. «Дауи, мо сервантыщхьэм телъщ сурэт альбомщ», - жызоІэри къызоштэ, сотІысыжри, абы сеплъу щыхьэзэ. Альбомым сурэт дэзу дэлът. «Сыт мыхъуми, сытригъэунщ», - жызоІэ.

Альбомым и къыщІэдзапІэм щызолъагъу сабий пцІанэ цІыкІу и дзыгъуэ щхьэцыр иджыри тету, ныбафэкІэ щІылърэ ерагъкІэ къыздэпльеиф къудейуэ. «Мухьэмэду пІэрэ?». Сурэтыр къызохри, и щІыбым тетхам соплъ. Абы тетт: «Мухьэмэд илъэс ныкъуэ щрикъуам». КьыкІэпльыкІуэ сурэт зыкъомри ар сабийуэ щыщытам трахат.

Ауэ мис мыр адрейхэм ещхьтэкъым: Мухьэмэд и нэ хъуат, кІэстум зэфІэт щыгът, галстук дэлът, хъыджэбз гуэрым и гъусэу жыг щІагъым щІэтт. Соплъ абы и щІыбым тетхам: «Студентыгъуэ илъэсхэр». Мис дипломыр иЫгъыу траха сурэтри. Мыдрейр, дауи, лэжьэн щыщІидзам трахащ: екІуэкІыу чертёж зыфІэлъ блыным щІыбагъкІэ бгъэдэтщ, линейкэ иЫыгщ, зыгуэрым йогупсыс. Инженерыр зэгупсысын мащІэ!

Сурэтхэм сеплъурэ сыздэкІуэм, си нэр къытоувыІэ абыхэм ящыщ зым: Мухьэмэд къэпсэлъапІэм итщ, фалъэ Іэщ1ель хуэдэ, и Іэхъуамбэхэр ищІащ - дихьэхауэ зыгуэрым топсэльыхь. Дауи, къедаІуэхэм зыгуэр ягуригъаІуэу аращ.

- Соплъ сурэтхэм. Сыт пщІэн нэгъуэщІ? Хъарзынэу си зэш тоу. Мухьэмэди къитГэззэжыркъым.

Сурэт гуэрым Мухьэмэд стІолым бгъэдэсу итщ. Абы и нэгум ибольагъуэ и щхьэр гупсысэм зэрыхэлъыр, япэм хуэдэу нэщхъыфІэуи щытыжькъым... Мухьэмэд «Волгэм» исщ, и щхьэр мащІэу Іэтауэ, къоплъэкІ...

Мис абы и портрет... Аргуэру зы портрет. Аргуэру зы... Абыхэм языкхэзым и щІыбагъым тетхат мыпхуэдэу: «Бригадиру сыщыщытам». Адрейм - «Орден къыщыІзатам». Ещанэм - «Налшык щекІуэкІа совещанэм сыщыщыІам». Епланэм - «Волга» къыщысщэхуам. Адрейм - «Си яп фызыр щизгъэкІыжам». НэгъуэщІым - «Нобэ илъэс 29-рэ сохъу». Мис идкыри зы. Абы тетщ: «Ди председателым и зам сащІащ».

Соплъ сурэтхэм, соджэ абыхэм тетхам. ИкІи си нэгум къыщІоувэ Мухьэмэд «зэрыдэкІуея пкІэльейр». МакІуэ щІалэр, и щхьэр Іэтауэ, и бгъэр гъэкъауэ, портрет инхэр иригъэщІу, сурэт щыкІухэр зэримыпэсыжу... Хьэуэ, сыщыкуэрти. Мис зы сурэт: Мухьэмэд яхэтщ цІыху Іувым, дауи, собранэ екІуэкІыу аращ. Мухьэмэд, вышІэ ешам ещхьу, и щхьэр фІолэл, нэщхъейуэ йоплъых. Сурэтым и щІыбагъым тетщ: «Зам къулыкъым сыкъыщытрагъэкІыжам».

Пэжу жысІэнщи, мы сурэтыр хуабжу сигу ирихьри, зыСхуэмыубыдыжу щэхуу куэдрэ сыдыхьэшхащ. ИтІанэ паспортым трагъапщІэм хуэдэ си сурэт цІыкІур си бгъэ жыпым кьинауэ илъти, кьисхри и щІыбагъым тестхащ: «Мухьэмэд и деж хьэщІапІэ сыщыщыІам щыгъуэ» жиІэу. Ар стІолым тесльхьэри, унэгуащэм «ущысыркъэна, Мухьэмэд иджыпсту къэсыжынущ», - жиІэу къыскІэлъыщІэкІа щхьэкІэ, Іэзу пІащІэгъэуэ сиІэу щхьэусыгъуэ сщІыри, сыкъыщІэкІыжащ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Хъурмэ

● Пхъэщхьэмыщхьэхэр

Хъурмэр пхъэщхьэмыщхьэхэм я пащтыхьу къалъытэ. Абы и «экъур» Китайращ. Европэм щыпсэухэм ар къызэращІэрэ куэд щІакъым, илъэси 100-м нэблигъэми араш. Зи фІагъкІэ нэхъыфІу яБжыр япон хъурмэращ. Ар икІи нэхъ инщ, икІи гъэжьыфэ-плъыжьыфащ. Хъурмэр пшхьну Іэфі дыдэщ. Абы и хьэлъагъым и Іыхьэ пІланэр зыубыдыр фруктозэмрэ глюкозэмрэщ. А тІур куэду зэрыхэлъым щхьэкІэ зи гум дагъуэ иІэхэм я дежкІэ сэбэпщ. Хъурмэм хэлъ фошыгъур Іэпкъльэпкъым зыхухихыр гум екІуалІэ лъынтхуэхэрщ. Гуузым къыхигъэзыхьу Кавказым и зыгъэпсэхупІэхэм къакІуэхэм зы махуэм хуэзэу япон хъурми 2-3 ирагъэшх.

Къапщтэмэ, дэтхэнэ цІыхум дежкІи сэбэпщ махуэм хъурми 3 ишхыну. Абы шэ хуабэ щІыгъужмэ, зыхуэдэ щыІэкъым.

Псом нэхърэ нэхъ сэбэпу къалъытэр королёккІэ зэджэ хъурмэ ліэужьыгъуэращ. Псы зэбэкІ а пхъэщхьэмыщхьэм куэду хэлъщ калий, кальций, фосфор, магний, гъущІ, нэгъуэщІ микроэлементхэри.

Апхуэдизэ витаминыр зыхэлъ хъурмэр, королёкыр, пшхыну зэрысэбэпым къыдэкІуэу, Іэфіщ икІи гуакІуэщ. Абы жьэ кІуэцІыр щыІэзригъаІэ щыІэщ. Апхуэдэхэм дежи хъурмэр сыхьэт зыбжанэкІэ псы хуабэм хэбгъэлъмэ, фІы дыдэ мэхъу.

ДОХЪУШОКЪУЭ Санэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхьэ секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Къумахуэ Аслъэн, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуцапі1эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыгупсыр хъурмэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапі1эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.249 ● Заказ №174